



Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY LAPOLIS ETA A LÒD POU YO OGMANTE PATWOUY
NAN KONTE DELAWARE LA APRE ATAK TEWORIS DEJWE YO TE FÈ
KONT KOMINOTE MIZILMAN ISLAMBERG LA**

Gouvènè Cuomo te bay Inite kont Krim Lahèn Lapolis Eta a Lòd tou pou yo Ede nan kad Ankèt y ap fè sou Konplo kont Kominote Mizilman nan Konte Delaware la

“Mwen santi m soulaje epi m rekonesan paske fòs lapolis nan Greece, New York te anpeche sa ki ta ka yon zak vyolans ak lahèn orib, ensanse kont Kominote Mizilman Islamberg la nan Konte Delaware. Mwen aplodi otorite yo ki te fè atak sa a echwe ak elèv kouraje yo ki te alète lapolis epi nan konsa ki te potansyèlman sove anpil vi.

Jis pa pridans, m ap bay Lapolis Eta a lòd pou yo ogmante patwouy nan zòn lan. Mwen ap bay Inite kont Krim Lahèn Lapolis Eta a (State Police Hate Crimes Unit) lòd tou pou yo ede otorite yo nan ankèt y ap fè a.

Atak teworis dejwe sa a revòltan pou tout sa nou reprezante nan New York. Byenke gen moun nan Washington ki kontinye ap simaye flanm divizyon ak islamofobi, jan de lahèn sa pa gen plas nan eta nou an. Nan New York, nou kanpe ak kominote mizilman an epi nou pral fè sila ki dèyè konplo dejwe sa a rann kont lajistis nan tout mezi lalwa pèmèt”.

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)